WE ARE YOUR DOL

NEW YORK STATE | Department of Labor

# Atansyon
# Anplwa ki travay nan otèl

## Vil New York

| Gwo antrepriz (11 plis anplwaye) | | Ti antrepriz (10 oswa mwen anplwaye) | |
|---|---|---|---|
| **Minimòm Salè** | **$16,00** | **Minimòm Salè** | **$16,00** |
| Lè siplemantè apre 40 èdtan | 24,00 | Lè siplemantè apre 40 èdtan | 24,00 |
| Travayè fasfoud | **$16,00** | Travayè fasfoud | **$16,00** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $24,00 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $24,00 |
| *Anpwaye sèvis | **$13,35** | * Anpwaye sèvis | **$13,35** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $21,35 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $21,35 |
| Rizòt – minimòm tep | $8,95 | Rizòt – minimòm tep | $8,95 |
| Lòt– minimòm tap | $3,45 | Lòt– minimòm tap | $3,45 |
| *Anplwaye restoran | **$10,65** | *Anplwaye restoran | **$10,65** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $18,65 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $18,65 |

| Long Island ak Konte Westchester | | Rès kote Eta Nouyòk | |
|---|---|---|---|
| **Minimòm Salè** | **$16,00** | **Minimòm Salè** | **$15,00** |
| Lè siplemantè apre 40 èdtan | 24,00 | Lè siplemantè apre 40 èdtan | 22,50$ |
| Travayè fasfoud | **$16,00** | Travayè fasfoud | **$15,00** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $24,00 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | 22,50$ |
| *Anpwaye sèvis | **$13,35** | * Anpwaye sèvis | **$12,50** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $21,35 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | 20,00$ |
| Rizòt – minimòm tep | $8,95 | Rizòt – minimòm tep | 8,40$ |
| Lòt– minimòm tap | $3,45 | Lòt– minimòm tap | $3,20 |
| *Anplwaye restoran | **$10,65** | *Anplwaye restoran | **$10,00** |
| Lè siplemantè aprè 40 èdtan | $18,65 | Lè siplemantè aprè 40 èdtan | 17,50$ |

Si w gen kesyon oswa w vle depoze yon plent, viziteit www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele: **(888) 469-7365**.

**Kredi ak alokasyon** ki kapab redwi peman w anba tarif salè minimòm nan endike anwo a:

- **Tep**– Patwon w lan ka itilize yon montan limite nan tep ou yo pou diminye salè w. Sa a rele yon kredi tep. Patwon w lan ka pran yon kredi tep sèlman si tep ou yo mete ak salè w bay total omwen salè minimòm nan. Yo dwe omwen toujou peye tarif salè ki mansyone pi wo yo.

  *Eksepsyon yo:* Yo pa ta dwe pran okenn kredi tep sou travayè nan fasfoud, sa gen ladan l sa ki travay nan livrezon, oswa pou anplwaye sèvis ki gen mwayèn tep yo jwenn chak semèn mwens pase montan minimòm chak èdtan ki te parèt pi wo a. Montan kredi tep la se menm avèk sa pou lè siplemantè a. *
- **Repa ak lojman** - Patwon w ka pran yon kantite limite nan salè w pou manje ak lojman yo ba ou, depi yo pa chaje pou okenn lòt bagay. Tarif ak egzijans yo etabli nan òdonans salè ak nan rezime yo, yo disponib sou entènèt.

**Salè siplemantè** yo ka dwe w anplis tarif salè minimòm ki mansyone pi wo a:

- **Tarif pa èdtan ak lè siplemantè** – Yo dwe peye w pa èdtan (se pa yon salè oswa son tarif pa jou) Yo dwe peye w yon fwa edmi tarif nòmal yo peye (pa mwen pase montan ki anwo a) pou plis pase 40 èdtan pa semèn (oswa 44 pou anpwaye rezidansyèl).

  *Eksepsyon yo:* Tarif pa èdtan ak lè siplemantè pa obligatwa pou salarye pwofesyonèl, oswa anpwaye ki nan direksyon oswa administrasyon ki gen yon salè pa semèn ki plis pase 75 fwa tarif salè minimòm lan.
- **Pèman paske yo rele w vin travay** – Si w al travay daprè orè ou genyen an epi patwon ww la voye w lakay ou bonè, yo dwe peye w pou rès lè yo nan tarif salè minimòm nan pou jou a.
- **Kantite lè travay** – Si jounen travay ou dire plis pase dizèdtan, yo dwe peye w pèman anplis chak jou. Tarif chak jou a egal a inèdtan pèman nan tarif salè minimòm lan.
- **Antretyen inifòm** – Si w lave inifòm ou, ou ka gen dwa a yon salè siplemantè chak semèn. Tarif chak semèn la disponib anliy.